Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого, лъилъе, нилъ гьечIого, хур.



www.mo-gumbet.ru

Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет

Гумбет районалъул газета

№ 39 (6671) 9 сентябрь 2019 с. Итни МухIаррам 1441 с. Багьа - эркенаб

БАРКИЯЛ

## 8 сентябрь – финансистасул къо

**РакI-ракIалъ баркула гIарцулал сурсатазул махщалилазда гьезул байрам – финансистасул къо.**

Махщел камилав, лъай бугев финансист вугони, магIишатияб хIалтIи цебе тIола. Щайгурелъул, гIарцулал сурсатал магIишатияб хIаракатчилъиялъул кьучI ккола. Финансист ккола гьезие нухмалъи гьабизе бажарулев, гIарцудалъун хьезарулев чи.

Районалъул финансистазе гьарула гьезул бигьаяб гуреб хIалтIулъ бергьенлъаби, щулияб сахлъи, талихI-рохел.

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер**
**ХIажимурад МухIамадов**

## 12 сентябрь – программистасул къо

**12 сентябралда Россиялъул Федерациялъул программистаз кIодо гьабула жидерго махщалилаб байрам. Гьеб къо чIезабуна 2009 соналда Президентасул указалдалъун официалияб къагIидаялда.**

РакI-ракIалъ баркула программистазда жидерго махщалилаб байрам. Гьарула щулияб сахлъи, халатаб гIумру, хIалтIулъ бергьенлъаби.

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер**
**ХIажимурад МухIамадов**

БУХУЛЕБ БУГО ЦIУМУР

# Школал цIигьарулел руго

### Бакълъулазул районалда кIодо гьабуна Лъаялъул къо

**ЦIияб цIалул сон байбихьиялда хурхун Бакълъулазул районалъул лъайкьеялъул учреждениязда тIоритIана байрамалъулал тадбирал. Районалъул администрациялъул вакилзаби щвана ясли-ахазде, школазде ва цогидалги цIалул заведениязде. Лъаялъул къо баркана мугIалимзабазда, цIалдохъабазда ва гьезул умумузда, гьарана гьезие кинабго лъикIабщинаб. Бакълъулазул районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас масъала лъуна лъайкьеялъул даража борхизабизе, ясли-ахазда, гIаммаб лъайкьеялъул школазда, спортивиял секциязда материалиябгун техникияб база лъикIлъизабизе ккеялде. Муниципалитеталда бажарараб щинаб гьабулеб буго гIолеб гIел цебетIеялъе санагIатал шартIал гIуцIиялъе, федералиял ва республикаялъулал программаби гIумруялде рахъинариялъе.**







Лъаялъул къоялда, районалъул бищун кIудияб лъайкьеялъул учреждение – Игьали гьоркьохъеб школалде щвана ДРялъул нухазул магIишатазул ва транспорталъул министр Ширухан ХIажимурадов. Гьес республикаялъул нухмалъулезул цIаралдасан киназдаго баркана цIияб цIалул сон байбихьи ва гьарана цIалулъ бергьенлъаби. Гьединго рохалилаб линейкаялда кIалъазе рахъана Россиялъул хъвадарухъабазул Союзалъул член ГIиса Шарапудинов, Игьали гьоркьохъеб школалъул директор СагIид МухIамадов, цIалул хIалтIул рахъалъ гьесул заместитель МуртазагIали ХIажимурадов ва цогидалги. ЦIалулъ тIокIлъи бихьизабурал цIалдохъабазе кьуна грамотаби. Гьеб школалда 2019 – 2020 цIалул соналда тIоцебесеб классалде бачана 40 лъимер.

Чалаби МухIамадовасул цIаралда бугеб МелъелтIа гьоркьохъеб школалъул, коллективалда, цIалдохъабазда Лъаялъул къо баркун кIалъана ДРялъул Халкъияб Собраниялъул депутат, энергетикаялъул ва промышленносталъул кумекалъулаб комитеталъул рахъалъ председатель НурмухIамад ГIалиев. Байрамалда цIияб цIалул сон баркун кIалъазе рахъана гьединго районалъул администрациялъул лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулев Рамазан МухIамадов, гьеб школалъул нухмалъулей Эльмира МухIамадова, гьелъул заместитель ГIабдурахIман Дайтмирзаев, районалъул херазул советалъул председатель ГIали ГIумархIажиев ва цогидалги.

**(Ахир - 2 - аб. гьумералда)**

НОМЕРАЛДА РУГО:



**Обращение главы Гумбетовского района Хаджимурада Магомедова в День солидарности в борьбе с терроризмом**

**-2 стр.**



**ЯхI-намусалъул ралъад – Генуса Шамил имам**

**-2 гьум.**



**Школал, паркал, нухал...**

**-2 - 3 гьум.**



**МухIаммад аварагасул ﷺ къо-лъикI гьабиялъул вагIза**

**- 3 - 4 гьум.**

# Школал, паркал, нухал...

**(Байбихьи - 2 - аб. гьум.)**



5 октябралде щвезегIан кинал-го хIалтIаби лъугIизе ккола» - ян. Гьарадирихъ гьоркьохъеб школалъе ремонт гьабизе буго «Инжиниринг» ООО абураб гIуцIиялъ. Гьеб гIуцIиялъул генералияв нухмалъулев Ильяс ТIалхIатовас информация кьуна кинабго хIажатаб кьайи босун бугин, бригада хIалтIизе байбихьизе хIадур бугилан ва 25 сентябралде ремонталъулал хIалтIаби лъугIизаризе ругилан.

Килалъ гьоркьохъеб школа къачIазе буго живго-жиндаго чIарав предприниматель ХIасан МухIамадовасул нухмалъиялда гьоркь. «Нижеца школалъул халгьабуна ва гьабизе бугеб хIалтIиялъул план бахъана. Сентябралъул ахиралде хIалтIи лъугIизабизе буго», - ян рагIи кьуна ХIасан МухIамадовас.

«Транстрой» ООО холдинговияб компаниялъул бетIерав инженер ХIажимурад МуртазагIалиевас баян гьабуна ЦIияб Аргъваниб 250 цIалдохъанасе бакI бугеб гьоркьохъеб школа баялъул хIалтIул. Гьес абуна хIалтIулъ дагьа-макъал захIмалъабиги дандчIвала ва гьелдалъун хIалтIи кватIизабулеб бугин. МухIамад Хьарагишиевас рагIи кьуна гьел гIунгутIаби лъугIизаризе хIалкIвараб кумек гьабизе.

«Гьанжезаманалъул школа» Федералияб проекталда рекъон Мелъелтlа ва ЧIиркъатIа гьоркьохъел школазда гьанжесеб заманаялъул кьайиги лъун кабинетал къачIана. МелъелтIа гьоркьохъеб школалъул нухмалъулей Эльмира МухIамадовалъ бицана кабинетал къачIан лъугIанин ва цIияб кьайи лъезе хIадур ругин. Гьеб проекталда рекъон ЧIиркъатIа гьоркьохъеб школалдаги кабинетал хIадурун руго.

Гьединго данделъиялда гьоркьор лъуна «СанагIатал шагьаралъул шартIал», «БакIалъул нухал», «БакIалъул жигараб байбихьи» ва цогидалги проекал. «СанагIатал шагьаралъул шартIал» программаялда рекъон Гьоркь Инхо ва ЦIияб Аргъвани росабалъ гIуцIизе руго паркалъулал зонаби.

«БакIалъул нухал» проекталда рекъон Ингишо ва МелъелтIа росабалъ нухал къачIазе руго. Игьали росулъ «БакIалъул жигараб байбихьи» программаялда рекъон мини-футбольнияб байдан балеб буго.

МухIамад Хьарагишиевас гьарана федералияв ва республикаялъулал программаби гIумруялде рахьинариялъе икъбал ва ахIана ракIбацIцIадго хIалтIизе.

**Хадижат Мазгарова**

АНТИТЕРРОР. ДУНЯЛАЛЪЕ - РЕКЪЕЛ

# Бакълъулазул росаби - зулмуялда данде

## Терроризмалда данде кьеркьеялъул къо тIобитIана Бакълъулазул районалда

**3 сентябралда районалъул лъайкьеялъул учреждениязда тIоритIана терроризмалда данде цадахъ кьеркьеялъул къоялъул хIурматалда тадбирал.**




ЦIияб Аргъвани гьоркьохъеб школалда тIобитIана данделъи. РакIалде щвезаруна ва хIурмат гьабуна Бесланалда зулмуялъул балагьалда гьоркье ккарал гIадамазул. Гьенир кIалъазе рахьана мугIалимзаби НурмухIамад НурмухIамадов, Мадина Мансурова, психолог МухIамад МухIамаднасиров ва цогидалги. Данделъиялда гIахьаллъараз абуна историялъул квешал лъугьа-бахьинал кIочене бегьуларин ва кидаго хIурмат гьабизе кколин терроризмалъул балагьалда гьоркье ккаразул ва хваразул. Гьениб цIалдохъабаз жидерго нухмалъулел мугIалимзабигун цадахъ кагътил кьункърабигун кверал эхеде рорхана. Гьединго Килалъ гьоркьохъеб школалда тIобитIана цогояб дар «Экстремизму – нет» абураб темаялда.

**«Гумбет» РИО**

ВАТIАНИЯБ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО

# Адабияталъул къулгIадухъ

## Расул ХIамзатовасул литературияб музеялда Россиялъул Хъвадарухъабазул Союзалъул цIиял членазе билетал кьуна

**Расул ХIамзатовасул литературияб музеялда Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул Союзалъул магIарул литературураялъул секциялъул хIаракаталдалъун тIобитIана «Эркенаб годекIан» проекталъул рамкаялда тадбир.**



ЦIиял жидерго асарал цIалана рагIул устарзабаз. Халгьабуна миллияб культура цебетIезабиялъул суалазул, гьоркьоб лъуна халкъазда гьоркьосеб ХIамзатовасул литературияб «ХьахIал къункърабазул къоял» фестиваль тIобитIиялде хIадурлъиялъул ва цогидалги кIвар бугел темаби. Гьединго ДРялъул Хъвадарухъабазул Союзалъул магIарул секциялъул нухмалъулев, «Гьудуллъи» журналалъул редактор МухIамад ПатахIовас Россиялъул Хъвадарухъабазул Союзалъул цIиял членазе билетал кьуна ва гьарана гьезие бергьенлъаби. Тадбиралда гIахьаллъана Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул Союзалъул председатель, халкъияв поэт МухIамад АхIмадов, ДРялъул Хъвадарухъабазул Союзалъул правлениялъул член,

**(Ахир - 4 - аб. гьумералда)**

ИСЛАМ

# МухIаммад аварагасул ﷺ къо-лъикI гьабиялъул вагIза

## КантIиялъе сабаблъун батаги

**Россиялъул машгьурав хъвадарухъан, нилъер улкаялъул Хъвадарухъабазул гIуцIиялъул нухмалъиялъул секретарь, шагIир, таржамачи, прозаик, критик Николай Переясловица хъвараб «МухIаммад аварагасул ﷺ къо-лъикI гьабиялъул вагIза» абураб къасидат авар мацIалде буссинабун буго Бакълъулазул мухъалъул ЧIиркъатIа росулъа магIарулазул шагIир Рамазан МухIамадовас.**

Николай Переяслов вукIана Москваялда тIобитIараб Халкъазда гьоркьосеб гIолохъанал хъвадарухъабазул фестивалалда гьал мухъазул авторасул семиналъул нухмалъулевлъунги. Переяслов ккола гьваридав хъвадарухъан, битIараб рагIи абизе хIинкъуларев чи. Гьес хъвана букъун лъедолеб атомалъул «Курск» гама гьанкъиялъулги цоги кIвар бугел темабаздаги тIахьал.



Турциялде щведал, «МухIамад аварагасул ﷺ къо-лъикI гьабиялъул вагIза» абураб къасидат хъван буго Переясловица. Гьеб асар магIарул мацIалде таржама гьабун буго аваразул шагIир, нилъер ракьцояв Рамазан МухIамадовас. РакIалде ккола батIияб диналъул чияс нилъер МухIаммад аварагасул ﷺ ва исламияб диналъул гьабун бугеб хIурматалъ чанги чи кантIизавилилан. Аллагьас тавпикъ кьеги битIараб битIараблъун ва тIекъаб тIекъаблъун бихьизе. Амин.

**ГIизудинил ХIамзат**

### ЦеберагIи

КагIбаялъул къадаз, дунялалъулго
Бусурбаби ахIун ругьунаб бакIалъ,
Джабал мегIералъул гIодоблъиялда
Берцинаб цо авлахъ цIакъ машгьурлъана:
Ва МухIамадица (с.т.гI.в), хIеж борхизелъун
РачIарал гIадамал дандеги ахIун,
Къо-лъикI гьабиялъул вагIза гьабураб
Жиндир цIар рагIараб хирияб бакIлъун.
Гьеб гIодоблъиялда данделъараздА
Расулас ﷺ абуна гьале гьадинан:
- Жиндица гьанире рачIанщиназде,
Рехселин Аллагьас дуниялалъул
Киналго халкъазде рещтIаралщинал
ТIолго васигатал, тIолго къанунал.



Ва, гьел къокъги гьарун, жузал гIадинал,
Ахирисеб нухалъ нужехъе кьелин,
ГIадамазул гIумру лъикIлъизабеян.
Ва гьеб авлахъалда бераза цеве
Вахьун чIун вихьана аза-азар чи,
Ва гьел гIадамазул рикIкIада чIарал
Рихьулел рукIана, тIанкIал кинигин.
Ва МухIамадида ﷺ цIакъ лъикI бичIчIана
Гьаб къапилаялъул нахъе ккаразда
Жиндир калам кинго рагIулареблъи.
Ва борхараб гьаркьил бетIергьабазда

**(Ахир - ункъабилеб гьумералда)**

# Адабияталъул къулгIадухъ

(Байбихьи - 3 - аб. гъум.)
филологиял гIелмабазул доктор, профессор МухIамад МухIамадов, «Гумбет» газеталъул бетIерав редактор ХIамзат ГIизудинов, лъималазул «Лачен» журналалъул редактор ГIайшат Малачиева, Даку Асадулаевасул цIаралда бугеб мискинзабазе садакъа кьолеб (благотворительный) фондалъул нухмалъулев АсхIабгIали ХIасанов ва цогидалги.

МухIамад ПатахIовас поэт АсхIабгIали МухIамадовасда ва цогидазда баркана Россиялъул Хъвадарухъабазул Союзалде роси, РФялъул хъвадарухъабазул союзалъул цIиял членазе къуна билетал, организациялъул каранда ралел гIаламатал.

Расул ХIамзатовасул литературниялъ музеялда букIараб «Эркенаб годекIаналда» гьанжесеб заманаялъул авторaз цIалана цIиял асарал, гьоркьоб лъуна гьабсагIат республикаялда литературияб гIумруялда кIвар ругел суалал.

**«Гумбет» РИО**

НУСАЗАРГО СОНГИ БАН, ЦОГИ БАЙ МАГIАРУЛАЗ

# Бергьана Бакълъулазул команда

### Гьез гIахьаллъи гьабизе буго медиказул республикаялъул спартакиадаялда

**Гьал къоязда Бакълъулазул районалъул физкультурниябгун сахгьариялъул комплексалда тIобитIана Дагъистан Республикаялъул сахлъицIуниялъул хIалтIухъабазда гьоркьоб XVIII зоналияб Республикаялъулаб спартакиада, спорталъул 12 тайпаялда кIинусгогIанасев гIахьалчи цеве вахъарав.**

буго спорт цебетIезабиялде. СахлъицIуниялъул хIалтIухъабазда гIадин цогидазда лъаларо сахаб гIумру тIамизе ккани физическиял упражнениязул, спорталъул бугеб кIвар. Гьеб гьоркьоблъиялда тохтурзаби, медсестраби ва цогидалги сахлъицIуниялъул хIалтIухъаби рукIине ккола цогидазе мисалиялльун»,



Муниципалитеталъул бетIерасул кумекчи НурмухIамад ГIизудиновас «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер, олимпиялъул чемпион ХIажимурад МухIамадовасул рахъалдасан спартакиадалъул гIахьалчагIазда ва спорт бокьулезда баркана.

«Спорт – гьеб ккола дунялалъул вакил», халкъалъул сахлъиялъул гьоркьлъел, пачалихъалъул къвакIараб, къуватаб къучI. Жакъа Гумбет районалде рачIун руго Болъихъ, ГIахьвахъ, ЦIумада районазул вакилзаби. Ниж рохарал руго нуж рихьизе ва хIадурал руго нужее унго-унгояб мугIрузулаб хIурмат ва адаб гьабизе. Бакълъулазул районалъул бетIер, олимпиялъул чемпион ХIажимурад СайгидмухIамадович МухIамадовас кIудияб кIвар кьолеб - ян абуна НурмухIамад ГIизудиновас.

Спартакиадаялда кIалъазе рахъана районалъул лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулесул заместитель НурухIма МухIамадов, районалъул централияб больницаялъул бетIерав тохтурасул ишал тIуралев МухIамадхIабиб Абакаров, районалъул херазул советалъул председатель ГIали ГIумархIажиев ва цогидалги.

Къецазул хIасилал гьарун тIоцебесеб бакI къуна Гумбет районалъул командаялъ, кIиабилеб бакIалъе мустахIикълъана ЦIумада районалъул команда, лъабабилеб бакI босана Болъихъ районалъул командаялъ.

Бергьаразе ва призеразе къуна грамотаби ва цогидалги къиматал сайгъатал.

**«Гумбет» РИО**

# МухIаммад аваргасул ﷺ къо-лъикI гьабиялъул вагIза

Абуна нуж чIайин, иргаги гьабун.
Жиндица бицараб жо нахъе кьезе,
Нуж чIайин, цоцазда гьоркьоб манзил тун,
Дир калам цересез нахъе ругезе,
Цоцазухъеги кьун, щвезе гьабизе.
Ва Аварагасул ﷺ щибаб рагIиги
Лъугьана рагIизе ва бичIчIизеги,
Ва гьеб релълъунаан цо гордунисан
Цоги гордуялъуб речIчIулеб чIорда,
Рогьалил гIужалда багIараб бакъалъ
Ракь хинлъизабизе битIараб чIорлъун.
…Жиндирго мадугьал ворчIизавизе
БитIулеб цо хехаб ругьелалдаги.
Сордо рогьанилан, бакъ бакканилан,
РухI бугебщинаб жо тIаде бахъаян,
Къапилаялда тIад наязул тIеллъун
Роржунел рагIаби аваргасул ﷺ -
Аллагьас ритIарал чапарзабилъун
РекIелъе рещтIунел бусурбабазул.
КIвахIалаллъун рукIунге.
КагIбаялъуб лъун буго
ТIокIаб чIегIераб гамачI -
Хвел тIаде рещтIиналде
Щва цо нухалъ гьелъухъе.
Нилъ киназулго руго
Цо эменгин цо эбел,
ХъахIалги чIегIералги -
Нилъ руго гьезул лъимал.
Мун хъачIав ватаниги,
Дов чIегIерав вугони,
Нужей батIалъи гьечIо
Нуж руго цого чагIи.

## ХIасил

Жиндир гIакъилаб калам
Ахиралде щвезелъун,
Аварагас ﷺ абуна:
- Нилъ киналго цо нухалъ
БетIергьанасда цере
Рахъун чIезе кколилан,
Жаваб кьезеги кколин
Жиндица гьабуралъул,
Абураб, бицаралъул.

## Рисалат

МухIаммад аварагас ﷺ, ганчIиде тIаде вахун,
Аллагьасе рецц гьабун, кIалъазе байбихьана: -
«Аллагьас нилъ цIунула бачIанщинаб сагIаталъ,
КъватIисан ва жанисан бачIунеб бугониги.
Нилъеда жанисанги раккула гьел балагьал,
Циндаго нилъер гIумру пашманаблъун лъугьуна.
Аллагьас малъараб нух ккун чи унеб мехалда
Лъиданиги кIоларо гьеб нух тезе гьабизе,
Ва лъидаго кIоларо Аллагьас хъвачIеб нухде
Нилъер хIетI ккезабизе, кигIан гьел къеркьаниги.
Аллагь - Гьев тIадегIанав, тIадехун щивго гьечIо,
Дун вуго гьесул чапар ва гьесул лагъги вуго.
Дица абулеб буго: - Нуж руго гьесул лагъзал,
Гьесул малъа-хъвай гIадаб гьуинаб нигIмат гьечIо,
Гьанже нуж киналгоял гIенекке дир рагIабахъ,
Гьанжеялдаса хадуб нуж дида рихьуларо.
Бечелъиги, гIумруги, тIолабго дуниялги,
Валлагь, щвезе бегьула нужее заманаялъ,
Амма гьеб киналъулго бетIергьаби руго нуж,
Доба тIасахун кIалъан, цо хIукму рещтIинегIан,
ТIадегIанав Аллагьас тIалаб гьабизегIанги.
Аллагьас нужедаса тIалаб гьабизе буго
Черхалъ гьабуралъулги рухIалъ гьабуралъулги,
Дица бахчичIогури Рисалат нужедаса,
Дие Аллагь нугI вуго - Аллагьасул васигат
ХисичIого нужехъе щвезе гьабуна дица.

## Зобалазул васигат

КIиабилеб къоялъги
Гьадабго авлахъалде
АхIана аварагас ﷺ .
Ва кIиабилеб къоялъ
Къуна кIиабилеб дарс:
« - ГIадамал, къимат гьабе
ГIумруялъул къоязул,
Анкьазул ва моцIазул
ГIумруялъул соназул.
Цо лъагIалида жаниб
АнцIила кIиябго моцI -
Гьеб цIакъ лъикI ургъун буго
Биччай гьедин хутIизе.
Биччай щибаб рокъобе
РещтIине хирияб къо.
ГIумру гьединан гIуцIи
КIудияб гIакълу буго.
Нужер лагъзал ратани,
Нужецаго кваналеб,
Квен кьун, кваназе гьаре -
Гьезул бетIергьабиги
Нуж гуро - Аллагь вуго.
Гьеса лъала киналго,
Ва рокьула киналго.
Нужее Аллагь вокьа,
Цо къоялъ щуго как бай,
КIал ккве Рамазан моцIалъ,
Дунялалда дур къимат
ТIанкI чIвачIеблъун хутIизе
БитIараб нухдаса мун
Таризе бегьуларо.
КватIичIого дун ина,
Нужедаса ватIалъун.
Дица нужее тела
Къуръанги тIарикъатги,
Гьеб кIиялъго битIараб
Нух бихьизе гьабила,
Кумекалъе рачIине
Дир гIумруялъул къоял.
ГIумру гьабизе ккола,
Аллагьасе рецц гьабун.
Дидаса хадуб цоги
ЦIияб дин баккиларо,
Раккила цIияб хIакъги
ГIемерал хIинкъабиги,
Дир кIалъай рагIаразги
Дир калам щвезе гьабе
Гьанире рачIинчIезде.
Биччай дунялалда тIад
ТIибитIизе гьаб хабар -
Дунялалъул киналго
Халкъазде ва къавмазде
РещтIун букIанин ислам.
Рисалаталъул пикру
МухIкан гьабун лъугIидал,
Расул ﷺ сихI къотIун чIана,
Халкъ гIенеккун букIана.
ТIолго гIенеккун чIарал
ГIадамазул каранда,
РакI къабулеб букIана
ЦохIо чиясул гIадин.

* * *

ЧIужуялда кIалъазе ракIалде ккараб мехалъ,
ХIеренал, махI берцинал рагIаби тIаса рище,
Хадуб сайгъаталъе кье меседил рахсал, кIилкIал,
Къаси нужерго рокъоб кье рокьи руччабазе.
Ва гьанситоялъул цIа свине тогеян абе.
Цо-цо нухалъ Аллагьас чIегIерав лагъасеги
КIудияб халкъалда тIад ханлъи кьезе бегьула,
Гьелъие гIураб гIакълу, къуват гьечIонигицин.
Свак лъалареб илбисалъ лъикIал гIадамазулги,
Божи загIиплъарабго, ракIал къосинарула,
Рехун тоге нужеца исламалъул къанунал -
ГьитIинаб ва кIудияб - кIиябго хIакъ бугелъул.
…Дица рехсолел руго Аллагьасул малъиял
Щивасда тIад бугеб зоб роцIцIун букIине бокьун,

**(Ахир - хадесеб номералда)**

БетIерав редактор
ХIамзат МухIамадович ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул
адрес: 368930 Гумбет район,
МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияв секретарь
Къурмагъиз ХIадисова
Корреспондентал:
ГIайшат Исламбиева,
Хадижат Мазгарова,
Макка МухIамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета къабуна «Лотос»
типографиялда
Типографиялъул адрес:
МахIачхъала, Петр
ТIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан
«Гумбеталъул колхозчи»,
«Вождасул васиятал»,
«Бакълъулазул нур» абурал
цIаразда гьоркь
Учредитель:
РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1063
Газета къватIибе
биччазе гъулбасана,
графикалда рекъон: 16 с. 00,
хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.